

Sekirite Medikaman



Kisa Sekirite Medikaman Ye?

Sekirite medikaman vle di pran medikaman ki kòrèk la nan dòz ak lè ki kòrèk la. Pou pratike sekirite medikaman:

- Pran medikaman yo jan sa preskri a.
- **Pa** pataje medikaman ou yo ak lòt moun.
- Konsève medikaman yo byen epi konsève yo lwen timoun yo. Verifye ak pwofesyonèl swen sante oswa famasyen ou an pou jwenn konsèy sou konsèvasyon pou chak medikaman.
- Byen jete medikaman ki pa nesèsè oswa ki ekspire yo.

Pou konsèy sou eliminasyon ki san danje, ale sou [dec.ny.gov](https://www.dec.ny.gov) epi chèche "**Safe Medication Disposal for Households**" (Eliminasyon San Danje) sou Medikaman pou Fwaye.

Pran Medikaman

Anvan ou kòmanse pran medikaman yo, mande pwofesyonèl swen sante ou an konsènan:

- Non komèsyal ak non jenerik medikaman an
- Objektif medikaman an, ki enkli avantaj yo
- Kijan pou pran ak konsève medikaman an
- Efè segondè ki posib ak entèraksyon ak lòt medikaman, pwodwi ki fèt ak plant, sipleman, kèk manje oswa alkòl



Ranpli preskripsyon ou yo nan yon famasi oswa bay famasi a lis dènye medikaman ou an pou famasyen an ka ede ou evite entèraksyon endezirab yo.

Konsèy Sekirite



Adilt ki Plis Aje yo

- Limen limyè yo epi mete linèt, si nesèsè, lè ou ap pran oswa lè ou ap bay medikaman.
- Itilize yon bwat medikaman pou divize medikaman yo an dòz pou chak semèn oswa pou chak jou, epi kite bwat la nan yon lye ki sekirize.
- Konnen efè segondè medikaman ou an. Kèk medikaman ka lakòz dòmi nan je (toujou ap dòmi) oswa vètij, sa ki ogmante risk pou tonbe.
- Verifye pwofesyonèl swen ou an, famasyen oswa Sant Kontwòl Pwazon Vil New York lan anvan ou pran nenpòt medikaman ansanm, oswa si ou ap fè fas ak efè segondè yo.

Bilten Sante

Ale sou sitwèb [nyc.gov/health](https://www.nyc.gov/health) pou wè tout Bilten Sante yo. Rele **311** pou mande kopi gratis.



Timoun

- Sèlman bay timoun medikaman ki fèt pou yo.
- Pa rele medikaman "sirèt." Timoun yo dwe konnen diferans lan.
- Itilize konngout, sereng oswa ti gode (**pa janm** itilize kiyè kizin) ki vini ak medikaman an pou asire ou ke timoun yo jwenn dòz ki kòrèk la. Pou medikaman san preskripsyon yo, verifye etikèt la pou jwenn dòz ki kòrèk la selon pwa timoun nan.
- Kite tout medikaman yo byen fèmen, sekirize epi lwen timoun yo, epi itilize veso ki reziste ak timoun nenpòt lè sa posib.
- Enstwi timoun yo pou pran medikaman **sèlman** nan men adilt de konfyans yo.

Siveye

Tout moun k ap pran oswa k ap bay medikaman ta dwe itilize yon lis medikaman ak journal.



Yon lis medikaman montre tout medikaman ak lè yo dwe ranplase yo. Revize l regilyèman avèk pwofesyonèl swen sante ak famasyen ou an.



Yon journal medikaman swiv dòz yo. Pibliye journal la kote fanmi ak moun ki bay swen yo ka wè l.

Pou yon lis echantyon ak journal, al gade nan **nyc.gov/health** epi chèche "**medicine safety**" (**sekirite medikaman**).

Plis Enfòmasyon

- ✓ Rele **Sant Kontwòl Pwazon NYC a** nan 212-764-7667 – 24 sou 24, sèt jou sou sèt – pou pale ak famasyen ak enfimye yo konsènan tout ekspozisyon ak pwazon oswa kesyon konsènan efè segondè dozaj medikaman oswa entèraksyon yo. Tout apèl yo gratis epi konfidansyèl, epi enkli sèvis entèpretasyon yo.
- ✓ Al gade nan **nyc.gov/health** epi chèche "**poison prevention**" (**prevansyon kont pwazon**) pou jwenn plis konsèy ak resous.
- ✓ Vizite **fda.gov** epi chèche "**Medicines in My Home**" (**Medikaman Lakay Mwen**) pou aprann konsènan etikèt sou Enfòmasyon pou medikaman san preskripsyon yo.

Resous

Konekte



@nychealthy



nychealth



@nychealthy



nychealth



nyc health

Jwenn Plis Enfòmasyon Ale nan **nyc.gov/health** epi chèche "**safety medicine**" (**sekirite medikaman**).

Resevwa Dènye Bilten Sante Voye yon imèl bay **healthbulletins@health.nyc.gov**.



Ale sou sitwèb **nyc.gov/health/pubs** pou jwenn Bilten Sante sa a nan lòt lang ak lòt materyèl sante ki tradwi. Ou gen dwa pou resevwa sèvis yo nan lang ou. Sèvis sa yo gratis nan tout biwo ak klinik Depatman Sante Vil New York.